

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Generasi Z salaku generasi ngora produktif dina mangsa ayeuna boga peran penting dina kamekaran basa jeung budaya. Basa daérah salahsahiji unsur penting anu aya dina hiji kabudayaan sabab bahasa daérah jadi idéntitas, sistim pangaweruh, jeung sawangan hiji masarakat panyaturna (Wagiati, spk., 2018). Badan Pusat Statistik (2023) nétélakeun yén larapna basa daérah di lingkungan kulawarga jeung masarakat beuki nyirorot ti generasi ka generasi lianna. Patali jeung éta hal, Anggraeni (2022) ngébréhkeun yén basa Sunda salaku basa daérah can mekar sacara optimal, condongna komunikasi maké basa Sunda geus beuki nyirorot. Sawatara generasi ngora di tatar Sunda geus dianggap jarang ngagunakeun basa Sunda pikeun jadi alat komunikasi. Dina sababaraha kondisi, utamana dina komunikasi sapopoé, basa Sunda mulai ditinggalkeun ku sawatara panyatur kaasup dina komunikasi antar panyaturna (Wagiati & Zein, 2018).

Aya sawatara faktor nu jadi pasualan jeung cukang lantaran jarangna basa Sunda digunakeun di kalangan masarakat Sunda, utamana di kalangan generasi ngora, kayaning basa Sunda dianggap salaku basa anu kampung, jarangna maké basa Sunda jeung babaturan saentragan dina komunikasi sapopoé, jeung leungitna minat pikeun diajar basa Sunda (Pratiwi, 2023). Padahal salahsahiji cara pikeun némbongkeun ciri has jeung idéntitas budaya bangsa téh ngaliwatan basa. Nalika hiji komunitas atawa masarakat ngagunakeun hiji basa dina jangka waktu anu lila, éta basa téh jadi pananda hiji étnis jeung jadi tradisi (Haerudin, spk., 2024). Salaku basa indung, basa daérah jadi eunteung pikeun jati diri masarakat panyaturna keur ngamekarkeun kabudayaan daérahna (Wagiati, spk., 2018).

Budaya mangrupa élemén penting anu patali jeung éksisténsi manusa dina kahirupan sarta salaku wujud tina idéntitas hiji masarakat anu hirup dina komunitas atawa kelompok panyaturna (Nurjanah & Haerudin, 2022). Basa daérah sorangan bagian tina warisan budaya anu luhur pikeun hiji masarakat (Nuraeny & Kuntoro,

2021). Patali jeung éta hal aya hiji komunitas anu gerak dina widang kabudayaan pikeun ngariksa, ngamumulé jeung ngamekarkeun tilu wilayah budaya di Provinsi Jawa Barat anu ngawengku Sunda Priangan, Cirebon Dermayon jeung Malayu Bétawi nyaéta Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya (WAJADA) Jawa Barat. Anggota Paguyuban WAJADA sorangan nyaéta generasi ngora nu kagabung dina hiji komunitas anu gerak dina widang kabudayaan jeung aya di daérah Jawa Barat, patali jeung éta hal, salaku nonoman nu aya di komunitas budaya jeung salaku jalma nu ngagunakeun basa dina kahirupan sapopoéna, kumaha sikep anggota paguyuban WAJADA kana basa daérah nu aya di Jawa Barat nyaéta basa Sunda? naha sikepna némbongkeun sikep nu hadé atawa henteu.

Sikep basa mangrupa réaksi pikeun ngajén hiji basa nu tangtu (Fishman dina Haerudin, 2010). Suandi (2014) ogé ngébréhkeun yén sikep basa téh hiji kayakinan anu rélatif jangka panjang kana hiji obyék basa anu tangtu, condongna ka hiji jalma dina méré réaksi kalawan cara nu tangtu. Salaku bagian tina ulikan sociolinguistik, sikep basa nempo masarakat nu dikajina salaku masarakat anu ragam dina ngagunakeun atawa milih ragam basana (Maulina, 2023). Sakumaha anu ditétélakeun (Junawaroh, spk., 2020) yén sikep basa bisa nyawang situasi kabasaan di masarakat anu ragam basana.

Dumasar éta hal, panalungtik hayang mikanyaho sikep anggota Paguyuban WAJADA Jawa Barat kana basa Sunda. Ku kituna tiori Garvin & Mathiot 1968 (dina Chaer & Agustina, 2021) anu nétélakeun tilu hal nu jadi ciri sikep basa nyaéta 1) kasaatian basa; 2) kareueus basa; jeung 3) kasadaran ayana norma basa, digunakeun pikeun nalungtik sikep basa anggota Paguyuban WAJADA Jawa Barat kana basa Sunda. Sikep dina umumna miboga dua sisi nyaéta sikep positif jeung sikep negatif (Suandi, 2014, kc. 152). Sikep positif basa patali jeung dipakéna basa saluyu jeung kaidah ogé situasi kabasaanna. Ciri sikep positif basa nembongkeun *antusiasme* kana basa anu digunakeun dina lingkungan masarakat tuturna, sedengkeun ciri sikep negatif patali jeung leungitna pangrojong pikeun mertahankeun hiji basa sabab teu reueus nalika ngagunakeun basana sorangan. (Suandi, 2014, kc. 152-153).

Luyu jeung éta hal, panalungtikan ngeunaan sikep basa geus loba ditalungtik saperti ku Puspitasari (2021) nu nalungtik ngeunaan sikep basa MC *Wedding* nu aya di Bandung; Pratiwi (2023) nalungtik sikep basa generasi Z di kabupatén Sukabumi; Anggraeni (2017) nu nalungtik sikep basa anggota Mojang Jajaka Kabupatén Bandung; jeung Wagiaty, spk. (2017) nalungtik ngeunaan sikep basa rumaja di Bandung. Bédana panalungtikan anu dilaksanakeun jeung ieu panalungtikan saacana nyaéta dina obyék anu ditalungtikna, ieu panalungtikan nyoko kana peran anggota Paguyuban WAJADA salaku nonoman nu kagabung di komunitas budaya di Jawa Barat dina ngalarapkeun basa Sunda salaku idéntitas urang Sunda di kahirupan sapopoéna. Ieu panalungtikan sarua jeung panalungtikan saacana nyaéta nalungtik jeung ngadéskripsikeun ngeunaan sikep basa. Panalungtikan ngeunaan sikep kana basa Sunda di Paguyuban WAJADA Jawa Barat can kungsi dilaksanakeun. Ku kituna ieu panalungtikan nu miboga judul “Sikep Basa Sunda Anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya (WAJADA) Jawa Barat (Ulikan Sociolinguistik)” perlu dilaksanakeun pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun ngeunaan sikep basa Sunda anggota Paguyuban WAJADA.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu diébréhkeun, kapaluruh dua idéntifikasi masalah nu baris dipedar, nyaéta sikep basa Sunda anggota Paguyuban WAJADA dumasar kana tilu aspék jeung sawatara faktor anu mangaruhanana. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa ditandeskeun ku kalimah dina wangun pananya di handap.

- a. Kumaha kasatiaan basa anggota Paguyuban WAJADA kana basa Sunda?
- b. Kumaha kareueus basa anggota Paguyuban WAJADA kana basa Sunda?
- c. Kumaha kasadaran ayana norma basa anggota Paguyuban WAJADA kana basa Sunda?
- d. Faktor-faktor naon nu mangaruhan anggota Paguyuban WAJADA kana sikep basa Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sikep kana basa Sunda anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat, Saluyu jeung rumusan masalah nu rék diulik.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus keur ngadéskripsikeun:

- a. kasatiaan basa anggota Paguyuban WAJADA kana basa Sunda;
- b. kareueus kana basa anggota Paguyuban WAJADA kana basa Sunda;
- c. kasadaranayana norma basa Sunda anggota Paguyuban WAJADA kana basa Sunda; jeung
- d. faktor-faktor anu mangaruhan anggota Paguyuban WAJADA kana sikep basa Sunda.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi jeung nambahan élmu pangaweuh dina ulikan sociolinguistik, utamana dina panalungtikan sikep basa kana basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngagambarkeun sarta ngajéntrékeun fénoména kabasaan nalika dipakéna basa Sunda di kalangan anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat, bisa numuwuhkeun kasadaran ngeunaan pentingna maké basa Sunda salaku basa indung di tatar Sunda, sarta bisa jadi acuan keur panalungtikan séjénna pikeun ngaronjatkeun éksisténsi basa Sunda.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ambahan dina ieu panalungtikan ngawengku lima BAB, diantarana.

BAB I “Bubuka”, nu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

BAB II “Tilikan Pustaka” eusina ngawengku ulikan tiori ngeunaan ciri sikep basa ngawengku tilu aspék nyaéta 1) kasatiaan basa; 2) kareueus basa; 3) kasadaran ayana norma basa jeung tiori séjén nu patali jeung sikep basa, tuluy aya panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III “Padika Panalungtikan” eusina ngawengku rarancang panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik pikeun ngumpulkeun data, pakakas panalungtikan, jeung téhnik pikeun ngolah data.

BAB IV “Hasil jeung Pedaran” nyaéta ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan sikep basa anggota Paguyuban WAJADA Jawa Barat anu ngawengku kasatiaan basa kana basa Sunda, kareueus basa kana basa Sunda, kasadaran kana ayana norma basa Sunda jeung faktor-faktor nu mangaruhanana.

BAB V “Kacindekan jeung Rékoméndasi” ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus didéskripsikeun jeung dipedar sarta rékoméndasi nyaéta saran pikeun panalungtikan satuluyna.